

**GID POU VIZIT VITYÈL SOU PÒTAY PASYAN AN**


**Prepare w Anvan Vizit Vityèl ou a:**

1. Èske sa a se premye vizit vityèl ou, **wap bezwen telechaje ak enstale aplikasyon videyo Zoom lan** sou òdinatè w la oswa sou telefòn entelijan (smatfòn) ou an avan w lanse vizit ou a. Ou ka jwenn aplikasyon an pou telechaje nan [Apple Store](#), [Google Play](#), oswa dirèkteman nan [Zoom](#).
2. Si w gen lentansyon itilize yon **aparèy pòtatif oswa yon tablèt** pou Vizit Vityèl ou a, telechaje aplikasyon Partners Patient Gateway a. Si w gen lentansyon itilize yon **òdinatè ki gen Windows oswa Mac**, tanpri itilize Chrome, Firefox, oswa Safari pou konekte w sou Pòtay Pasyan an nan lè vizit vityèl ou a.
3. Tanpri konekte w sou pòtay pasyan an pou w patisipe nan vizit vityèl ou a etan wap swiv enstriksyon ki pi ba yo omwen **5 minit** anvan lè yo fikse pou randevou w la.



Ou kapab ekonomize tan tou epi **Enskri w elektwonikman avan randevou w la** sou aparèy ou a oswa sou òdinatè pou biwo w la! Ale sou <https://mychart.partners.org/mychart-prd/Visits/visitslist> epi konfime randevou w la.

**Kijan pou Lanse yon Vizit Vityèl sou yon Òdinatè pou Biwo (Mac oswa Windows):**

1. Konekte w sou sitwèb Partners Patient Gateway a atravè Safari, Google Chrome oswa Firefox.
  - a. Konekte w sou Pòtay Pasyan an avèk non itilizatè w ak modpas ou a.
2. Klike sou bouton 'Visits (Vizit)' la epi apres a sou bouton '**Appointments & Visits (Randevou ak Vizit)**' sou ba meni ki sou anlè a.





3. Chèche Randevou pou Vizit Vityèl ou a ke yo pwograme pou dat ak lè espesifik la.
  - a. Klike sou bouton '**Details (Detay)**' la pou louvri randevou a epi apres a klike sou bouton oranj '**Begin Virtual Visit (Kòmanse Vizit Vityèl la)**'.



**GID POU VIZIT VITYÈL SOU PÒTAY PASYAN AN**




4. Si w poukò fè sa, yo pral mande w pou telechaje lojisyèl kominikasyon pa videyo a, ki se **Zoom** sou òdinatè pou biwo la.
  - a. Lè yo mande sa, chwazi '**run (egzekite)**' pou kòmanse enstalasyon an.

Kou enstalasyon an fini, yo pral dirije w nan Sal Datant Vityèl la. Lè w rive la, tann jouk lè pwofesyonèl swen sante w la kòmanse videyo a avèk ou atravè aplikasyon an. Lè videyo a kòmanse, yo pral mande w pou klike sou '**Join with Computer Audio (Patisipe avèk Odyo Òdinatè a)**' pou kòmanse.




**Kijan pou Lanse yon Vizit Vityèl Avèk yon Aparèy Pòtatif (iPad/iPhone (ki fonksyone sou IOS 12.1 oswa yon vèsyon pi resan), telefòn Android/Tablèt (ki fonksyone sou vèsyon 4 oswa yon vèsyon pi resan)):**

1. Louvri aplikasyon '**Partners Patient Gateway**' ou a.
  - a. Konekte w sou Pòtay Pasyan an avèk non itilizatè w ak modpas ou a.
2. Klike sou bouton '**Appointments (Randevou)**' a epi chèche Randevou pou Vizit Vityèl ou a ke yo pwograme pou dat ak lè espesifik la. Klike sou randevou a pou louvri li epi apresya klike sou bouton oranj ki make '**Begin Visit (Kòmanse Vizit la)**'.




## GID POU VIZIT VITYÈL SOU PÒTAY PASYAN AN

Si aplikasyon Zoom lan pa monte, seleksyone '**ok (oke)**' epi ekran '**download app (telechaje aplikasyon an)**' pral parèt. Telechaje aplikasyon Zoom lan ke wap jwenn nan Apple Store oswa Google Store, epi yon fwa li telechaje, retounen sou aplikasyon **Patient Gateway** an epi seleksyone '**Begin Visit**'.



Li ka mande w si w vle louvri l apati **Partners Patient Gateway** pou lanse vizit videyo a, si se sa, klike sou '**continue (kontinye)**' epi '**confirm (konfime)**.' Sa ap mennen w nan Sal Datant Vityèl la. Lè w rive la, tann jouk lè pwofesyonèl swen sante w la kòmanse videyo a avèk ou atravè aplikasyon an.



### Kijan pou Lanse yon Vizit Vityèl Atravè Entènèt la sou yon Aparèy Pòtatif:


1. Konekte w sou sitwèb Partners Patient Gateway a atravè Safari, Google Chrome oswa Firefox.
  - a. Konekte w sou Pòtay Pasyan an avèk non itilizatè w ak modpas ou a.

**GID POU VIZIT VITYÈL SOU PÒTAY PASYAN AN**


2. Klike sou bouton '**Appointments (Randevou)**' a epi chèche Randevou pou Vizit Vityèl ou a ke yo pwograme pou dat ak lè espesifik la. Klike sou randevou a pou louvri li epi apres a klike sou bouton oranj ki make '**Begin Visit (Kòmanse Vizit la)**'.

a. Note: Mekanis blokaj pou fenèt enstantane (pop-up blocker) yo parèt si aparèy pòtatif ou a pwograme pou l bloke fenèt enstantane (pop-up) yo. Ale nan reglaj aparèy ou a, pou otorize fenèt enstantane (pop-up) yo. Nan iOS ak Android, asire w ke ou tape oswa ou glise bouton baskil vèt la pou l vin gri, pou w ka dezaktive l.

**iOS**



**Android**



**Meyè Pratik pou Itilize Òdinatè w la:**

- Pou òdinatè w la fonksyone kòmsadwa, li pi bon pou w redemare òdinatè w la. Konsa òdinatè w la gen yon nouvo demaraj.
- Epi fèmèn tout pwogram ak aplikasyon ki pa nesèsè. Yo pran espas ke resous ki nesèsè pou òdinatè w la fonksyone kòmsadwa yo, bezwen.
- Fè mizajou nan Òdinatè w la regilyèman. Windows, Apple oswa yon aplikasyon tankou Java oswa Adobe konn fè mizajou sou òdinatè w la. Lè w fè mizajou sa yo, sa pral ede pèfòmans ak konpatibilite òdinatè w la.
- Konnen ki kote kontwòl volim lan ye. Konsa wap kapab ajiste volim lan jan w vle oswa ou ka aktive oswa dezaktive son moun k ap pale yo.
- Moun ki itilize Safari yo: Aktive fenèt enstantane (pop-up) yo. Ale nan Preferences (Preferans) -> Security (Sekirite) -> deseleksyone 'Block pop-up windows (Bloke fenèt enstantane yo)'.



**GID POU VIZIT VITYÈL SOU PÒTAY PASYAN AN****Meyè Pratik pou Itilize Webcam ou an:**

- Se pou kenbe yon distans de omwen 3 pye ak kamera w la.
- Bese Pèsyèn ou yo pou evite twòp ekleraj.
- Gade kamera a lè wap pale olye pou w gade Ekran Òdinatè a.
- Pou redui sou bwi nan fon an, fèmen tout pòt epi fèmen tout fenèt.

Lè w swiv konsèy sa yo sa pral asire ke vizit vityèl ou a byen pase.

**Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, ou ka rele liy Sipò pou Pòtay Pasyan an nan 1-800-745-9683.**